АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№5 (10052)
РУЗМАН
10 февраль 2023 сон
19 РАДЖАБ 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ РАЙОНЦОЯЗУЛ ЦЕРЕТIЕЯЛ

# МухIамад Алхасов такрарго вищана

**Арал къояз нилъер районцояв, ГьентIаса МухIамад Алхасов цIидасан вищана МахIачхъалаялъул Ленинский районалъул бетIерлъун.**



Цевеккунго МухIамад Алхасов хIалтIулев вукIана батIи-батIиял хъулхъазда Ростехнадзоралда, Россельхозбанкалда, Дагъистаналъул ХIукуматалъул председателасул гIакълучилъун, ДРялъул тIабигIиял ресурсазул ва экологиялъул министрасул заместительлъун. 2016-леб соналъ МахIачхъалаялъул Ленинский районалъул бетIерлъун тIамун вукIана. Гьелдаса нахъе бажариялда ва ракIбацIцIадго гьабураб нухмалъиялъул хIасиллъун ккана МухIамад Алхасов Ленинский районалъул депутатаз такрарго бетIерлъуда тей.

Хъулухъалъул болжалги лъугIун, цIидасан вищи - гьеб буго божилъи, бажари ва яхI-намусалда хIалтIи тIубай.

Баркула районцоясда къадруялда хъулухъ цIуни, гьарула хадубккунги хIалтIулъ церетIеял.

**НИЖЕР МУХБИР**

ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

## МугIалимасе рекIел бацIцIалъи къваригIуна

**2023 сон РФялда лъазабун буго мугIалимасул ва насихIатчиясул лъагIеллъун. Гьелъ районалъул лъайкьеялъул низамалъул хIакъалъулъ нижеца гарачIвари гьабуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будуновасулгун.**

**3 гьум.**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# ХIебда школалъул цIигьабураб корпус

**Араб соналъул ахиралда байбихьун букIана ХIебда школалъул гьитIинаб корпусалда ремонталъулал хIалтIаби гьаризе. Каникулаздаса хадур цIалуде щварал лъималазе, гьитIинаб школалъ жиндирго нуцIби рагьана. ЦIороралъ мех бугониги, нахъ бахъун течIого, школалъул нухмалъиялъул бажарияллдалъун ва ракIбацIцIадго жидерго масъала тIубалеб подрядалъулаб организациялъул хIалтIиялдалъун, тIубараб корпусалъул капиталияб ремонт хехаб заманалда жаниб рагIалде бахъинабуна.**



ТIадран хIалтIаби гьарун, бихьизабураб моцIрол болжалалда жаниб капремонт рагIалде бахъана.

Жанисан, къватIисантIубанго школалъул сипат хисун буго. Гъоркь букIаралъул щибго тараб жо гьечIо. ЧIарбал, къадал, мокърукьбакIал, гордал, нуцIби- кинабго хисана. Плита чIун, цIакъ берцинго гьабун бугоан чIабар, кагъат гIадин ритIизарун, хъахIгьарун руго къадал. Школа къватIисанги штукатурка гьабун, белъун буго.

«ЦIигьарурал классазде гьираялда рекерулел нижер цIалдохъабазе гьанже хIажат буго цIияб къайиги. Гьебги щвелеб батила гIемер кватIичIого» -ян абуна гьарурал хIалтIабазул нижее мухIканго баян кьурав



Райцентралда бугеб, байбихьул классазул школа, ремонтал гьаричIого бажарулеб хIалалда букIинчIо - турун гIодоре тIун арал чIарбалги, гьетI-гьетIарал къадалги, гьединалго мокърукьбакIалги, басриял гордалги, ричIун-къан рилълъунарел нуцIбиги.

Араб соналъул ахиралда республикаялъул бюджеталдаса гьел хIалтIабазе биччан букIана 5млн.316азарго гъурущ. ХIалтIаби тIаде росун рукIана Къурбанов ХIусен Къурбанович генdirectорлъун вугеб ООО «Монолит-12» подрядалъулаб организациялъ.

школалъул директор ГIали ЖабрагIиловас.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

# Къадруяв районцояв

**Ираадулаб бахIарчилъиялъул цIарал щварал нилъер районцояз хабар бачIана нижехъе гьал къояз. Рагъелдаса ХIадисов АбулхIасан ГIумарович рагъда бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ мустахIикълъун вуго «Жуковасул медалалъе»**



**НИЖЕР БАЯН:**

*ХIадисов АбулхIасан ГIумарович гьавуна 1977 соналъ Рагъелда росулъ. Рагъелда гьоркьохъеб школалда лъаялъул байбихьи щварав АбулхIасан, 2005 соналъ цIализе лъугьана МахIачхъалаялда правоялъул Академиялде.*

*2013 соналдаса нахъе нацгвардиялъул хъулухъалде лъугьун вуго АбулхIасан. Жакъасеб къоялде щвезегIанги 7629 рагъулаб часталда хъулухъ гьабулев вуго гьев.*

*Март моцIалдаса нахъе Украиналда хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчилъун вуго АбулхIасан ХIадисов.*




Декабрь моцIалъ РФялъул Президентасул указалда рекъон гьев мустахIикълъана «Жуковасул медалалъе».

8 февралалъ МахIачхъалаялда байрамияб ахIвал-хIалалда тIобитIараб тадбиралда АбулхIасан ХIадисовасе Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас кьуна гьеб шапакъат.

Районцоязул чIухIилъун руго ВатIаналъул борч къадруялда тIубалел ругел гIолилал. Нужер къвакIиги, къохIехьейги тIатунеб буго къо ккараб мехалъ.

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Итогалъулаб гара-чIвари

**8 февралалда нилъер районалъул киналго аслиял ва гьоркьохъел школазул 9-абилеб классалъул цIалдохъаби гIахьаллъана итогалъулаб гара-чIвариялда. Гьелде хIадурлъи гьабулеб апробация тIобитIана 31-леб январалъ ТIидиб гьоркьохъеб школалда. Гьенире гIахьаллъизе щвана итогалъулаб гара-чIвариялъул жавабчилъи бихьизабурал киналго гьоркьохъел ва аслиял школазул вакилзаби. Данделъиялда лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз баян гьабуна ИС-9-2023 ялда ругел хисабасиял ва гьелдаса малъа-хъваял гьарун рукIана.**



Итогалъулаб гара-чIвариялъул хIасилалда рекъон цIалдохъабазе ОГЭ кьезе ихтияр щола. Итогалъулаб гара-чIвариялъ тIатинабула цIалдохъабазул кIалзул пасихIлъи ва гIурус мацIалда кьураб тексталъул магIна гьабизе бугеб гьунар. Гара-чIвари гьабизе щивав цIалдохъанасе бихьизабураб заман буго 15 минут. Гьеб заманалда жаниб гьабизе ккола 4 тIадкъай. Текст пасихIго цIали, гьелъул къокъаб хIасил гьаби, сураталдаса гаргар гIуцIи ва экзаменаторасулгун эркенаб гара-чIвари. Щибаб тIадкъаялъе къимат кьезе рихьизарун рукIана хасал баллал. Гара-чIвариялъул хIасилалда «зачет» щвезе ккани, гIаммаб къагIидаялъ босизе ккола бищун дагьаб 10 балл. ЦIалдохъабазулгун гара-чIвариялъул гьаракь хъвала компьютералда ва такрарго халгьабизе битIула республикаялъул ЕГЭ-централде.

Итогалъулаб гара-чIвари байбихьана жиндир заманалда ва квалквалал ккечIого тIобитIана.

**П .ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

## Субсидии для горных территорий

Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан реализуется государственная программа Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан», утвержденная постановлением Правительства Республики Дагестан от 18 февраля 2020 года № 21.

Госпрограмма предусматривает реализацию следующих мероприятий:

- Субсидирование до 50% затрат на строительство малогабаритных теплиц в горных территориях республики Дагестан.
- Субсидирование до 50% затрат на строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения продукции в горных территориях Республики Дагестан.
- Субсидирование до 50% затрат н создание и модернизацию предприятий по производству промышленной продукции в горных территориях Республики Дагестан.
- Субсидирование до 50 % затрат на приобретение оборудования по производству пищевой продукции и напитков в горных территориях Республики Дагестан.
- Субсидирование до 50 % затрат на покупку личными подсобными хозяйствами малогабаритной сельскохозяйственной техники в горных территориях Республики Дагестан.

Начало приема заявок - 6 февраля, завершение - 6 марта.

**Кто может участвовать?**

Субсидии могут получить предприниматели, осуществляющие хозяйственную деятельность, а также граждане, ведущие личные подсобные хозяйства в горных территориях республики (выше 500 м над уровнем моря).

**На что выделяются средства?**

На возмещение до 50% ваших затрат, если вы:

- создали и модернизировали предприятие по производству промышленной продукции;
- приобрели оборудование по производству пищевой продукции и напитков;
- построили малогабаритную теплицу;
- построили овощехранилище или фруктохранилище;
- купили малогабаритную сельхозтехнику для своего ЛПХ.

**Куда подавать документы?**

В Минэкономразвития РД или в МФЦ РД

Дополнительную информацию можно найти на сайте Минэкономразвития РД, в разделе «горные территории»

**Телефон для справок: 8 (8722) 67-20-10**

**Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан**

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

### ИНСТРУКЦИЯ О ПОРЯДКЕ ПРИЕМА, РЕГИСТРАЦИИ И РАЗРЕШЕНИЯ В ТЕРРИТОРИАЛЬНЫХ ОРГАНАХ МИНИСТЕРСТВА ВНУТРЕННИХ ДЕЛ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ ЗАЯВЛЕНИЙ И СООБЩЕНИЙ О ПРЕСТУПЛЕНИЯХ, ОБ АДМИНИСТРАТИВНЫХ ПРАВОНАРУШЕНИЯХ, О ПРОИСШЕСТВИЯХ

Заявления и сообщения о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях вне зависимости от места и времени совершения преступления, административного правонарушения либо возникновения происшествия, а также полноты содержащихся в них сведений и формы представления подлежат обязательному приему в территориальном органе МВД России.

Круглосуточный прием заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях осуществляется оперативным дежурным дежурной части отдела по номерам: 996932, 984512, 22325.

Оперативный дежурный дежурной части, принявший заявление о преступлении, об административном правонарушении, о происшествии лично от заявителя, одновременно с регистрацией заявления обязан оформить талон, который состоит из двух частей: талона-корешка и талона уведомления, имеющих одинаковый регистрационный номер. Заявитель расписывается за получение талонауведомления на талонекорешке, проставляет дату и время получения талонауведомления.

При приеме от заявителя письменного заявления о преступлении заявитель предупреждается об уголовной ответственности за заведомо ложный донос в соответствии ст.306 Уголовного кодекса РФ, о чем делается отметка, удостоверяемая подписью заявителя.

Дознаватель, орган дознания, следователь, руководитель следственного органа обязаны принять, проверить сообщение о любом совершенном или готовящемся преступлении и в пределах компетенции, установленной настоящим Кодексом, принять по нему решение в срок не позднее 3 суток со дня поступления указанного сообщения. При проверке сообщения о преступлении дознаватель, орган дознания, следователь, руководитель следственного органа вправе получать объяснения, образцы для сравнительного исследования, истребовать документы и предметы, изымать их в порядке, установленном настоящим Кодексом, назначать судебную экспертизу, принимать участие в ее производстве и получать заключение эксперта в разумный срок, производить осмотр места происшествия, документов, предметов, трупов, освидетельствование, требовать производства документальных проверок, ревизий, исследований документов, предметов, трупов, привлекать к участию в этих действиях специалистов, давать органу дознания обязательное для исполнения письменное поручение о проведении оперативнорозыскных мероприятий.

Лицам, участвующим в производстве процессуальных действий при проверке сообщения о преступлении, разъясняются их права и обязанности, предусмотренные настоящим Кодексом, и обеспечивается возможность осуществления этих прав в той части, в которой производимые процессуальные действия и принимаемые процессуальные решения затрагивают их интересы, в том числе права не свидетельствовать против самого себя, своего супруга (своей супруги) и других близких родственников, круг которых определен пунктом 4 статьи 5 настоящего Кодекса, пользоваться услугами адвоката, а также приносить жалобы на действия (бездействие) и решения дознавателя, органа дознания, следователя, руководителя следственного органа в порядке, установленном главой 16 настоящего Кодекса.

Руководитель следственного органа, начальник органа дознания вправе по мотивированному ходатайству соответственно следователя, дознавателя продлить до 10 суток срок, установленный частью первой настоящей статьи. При необходимости производства документальных проверок, ревизий, судебных экспертиз, исследований документов, предметов, трупов, а также проведения оперативнорозыскных мероприятий руководитель следственного органа по ходатайству следователя, а прокурор по ходатайству дознавателя вправе продлить этот срок до 30 суток с обязательным указанием на конкретные, фактические обстоятельства, послужившие основанием для такого продления.

Если в ходе проверки заявления (сообщения) о преступлении, об административном правонарушении, о происшествии установлено, что в качестве заявителя указано лицо, не обращавшееся в территориальный орган МВД России, либо в заявлении и сообщении названы вымышленные адрес и (или) фамилия, имя, отчество, то заявление (сообщение) признается анонимным.

По результатам рассмотрения заявлений и сообщений о преступлениях органом дознания, дознавателем, следователем, руководителем следственного органа в пределах своей компетенции принимается одно из следующих решений:

1. О возбуждении уголовного дела.
2. Об отказе в возбуждении уголовного дела.
3. О передаче по подследственности в соответствии со статьей 151 УПК, а по уголовным делам частного обвинения в суд в соответствии с частью второй статьи 20 УПК.

По результатам рассмотрения заявлений и сообщений об административных правонарушениях должностным лицом, уполномоченным составлять протоколы об административных правонарушениях, в пределах своей компетенции принимается одно из следующих решений:

1. О возбуждении дела об административном правонарушении.
2. Об отказе в возбуждении дела об административном правонарушении.
3. О передаче заявления (сообщения) об административном правонарушении и материалов его проверки на рассмотрение государственного органа, органа местного самоуправления, организации или должностного лица, к компетенции которых относится решение соответствующих вопросов, по подведомственности.
4. О передаче заявления (сообщения) об административном правонарушении и материалов его проверки в иной территориальный орган МВД России по территориальности.

Информация о решениях по заявлениям и сообщениям о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях в течение 24 часов с момента их принятия направляется заявителю в письменной форме или в форме электронного документа. При этом заявителю разъясняется его право обжаловать данное решение прокурору или в суд в порядке, установленном статьями 123 и 125 УПК РФ.

НОМЕРА ТЕЛЕФОНОВ И АДРЕСА, ДОЛЖНОСТНЫХ ЛИЦ, КОТОРЫМ МОЖНО ОБЖАЛОВАТЬ ДЕЙСТВИЯ, СВЯЗАННЫЕ С НАРУШЕНИЯМИ ПРИ ПРИЕМЕ ИЛИ ОТКАЗЕ В ПРИЕМЕ СООБЩЕНИЙ О ПРОИСШЕСТВИЯХ:

**Начальник ОМВД России по Шамильскому району подполковник полиции Магомедов М.М. тел. 996931**

**Прокурор Шамильского района старший советник юстиции Исмаилов И.М. тел. 553029**

**И.о. председателя Шамильского райсуда М.Р. Хайбулаев тел. 222 82, 22306**

**Мировой судья судебного участка № 93 Рамазанова Х.Д. тел. 556804**

**Начальник ОМВД по Шамильскому району М.М. МАГОМЕДОВ**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# МугIалимасе рекIел бацIцIалъи къваригIуна

**-Карим ХIажимухIамадович, Шамил районалъул лъайкьеялъул отделалъе дуца нухмалъи гьабулаго бащдаб лъагIалидаса цIикIкIун заман ана. Районалъул лъайкьеялъул идарабазда щиб ахIвал-хIал батараб? Бищунго кIвар кьезе кколеб рахъ щиб бугеб?**

- Щибаб идараялъул аслияб масъала буго хIалтIулезе ва цIалулезе хIажатал шартIал чIезари. Бищун цебесеб суаллъун букIана районалъул 7 школалда капиталияб ремонт цIалул сон байбихьилелде лъугIизаби. ЦIияб цIалул сон цIи гьарун къачIарал классазда байбихьана Гьоор, МачIада, ХIотода гьоркьохъел ва Хьонохъ, ХIорода, Лъезда, ГеницIороб байбихьул школазда. Гьелда хадубго чара гьечIого тIуразаризе кколеллъун рукIана киналго школазда хасало хинлъи чIезабиялда хурхарал хIалтIаби рагIалде рахъинари ва школазул материалияб рахъ цебетIезаби.

ЦIалул рахъалъ босани, дида битIараблъун бихьана, тIоцебесеб иргаялда, байбихьул классазул лъималазул аслиял предметал лъазаялъул ахIвал-хIал лъазаби. ЦIалдохъабаз хъвана гIурус мацIалъул ва математикаялъул контролиял хIалтIаби. Гьезул хIасилазда рекъон, хIукму ккана байбихьул классазул мугIалимзабазулги халгьабизе. БитIун бицани, дун хIасилаздаса рази хутIичIо. Амма хьул буго жидерго профессионалияб махщел борхизабиялда тIад мугIалимзабаз хIалтIи гьабилин. МугIалим мугIалимлъун вукIуна жиндирго лъай борхизабулеб бугебгIан заманаялъ.

Цойги дие рекIее гIолареб рахъ букIуна хIалтIухъанасул жавабчилъи гьечIолъи, гьабулеб ишалде тIаса-масаяб бербалагьи буголъи. Нухмалъулев ватаниги, гIадатияв мугIалим ваталиги, батIалъи гьечIо, хасго лъималазда гьоркьов хIалтIулев чиясе рекIел бацIцIалъи къваригIуна.

**-Киса-кибего чIараб масъала буго школазда ярагьунел специалистал къанагIалъун рукIин. Педагогасул махщел тIаса бищун цIаларал гIолилал школазда хIалтIизе гьираялда рачIунел гьечIо. КъваригIарал махщел бугел педагогаздалъун школал хьезариялда тIад кинаб хIалтIи гьабулеб бугеб?**

- ХIакъикъаталда, нилъер районалъул школазеги гIолел гьечIо цо-цо предметазул специалистал. Гьеб хIисабалде босун, районалда хIалтIулеб буго «Школа-ВУЗ-работа» абураб хасаб программа. Гьеб хIисабалде босун, ДГУялъулгун ва ДГПУялъулгун хъван руго къотIи-къаял. Гьезда рекъон, целевой наборалдалъун цIаларал выпускникал тIадруссун рачIиналъе ва гьезие хIалтIи букIинабиялъе ресал ралагьула. Гьеб программаялда цIализе ине бокьаразе чIезарун руго бигьалъабиги.



Гьединго 2019 соналдаса нахъе хIалтIулеб буго «Земский учитель» абураб программа. Гьелда рекъон, районалда хIалтIизе вачIана гIурус мацIалъул, математикаялъул, физкультураялъул, историялъул, ингилис мацIазул 13 мугIалим. Санайил школазда щварал заявкабазда рекъон, ДРялъул лъайкьеялъул министерствоялде къваригIарал специалистазул баянал ритIула нижеца .

**- Школазул хIалтIул даражаялъул бицуна ВПРазул, ОГЭ ва ЕГЭялда рихьизарурал хIасилаз. Ругищ нилъер районалда гьезда хурхарал гIунгутIаби?**

- ВПР, ЕГЭ, ОГЭ тIоритIиялъе щибниги квалквал гьечIо. ВПРалъул рахъалъ цо-цо школазда ратана къиматал лъеялъулъ тасамахIлъи биччан. Гьединал школазул мугIалимзаби нижеца лъай борхизабиялъул курсазде ритIула. ЕГЭ ва ОГЭ кьолеб мехалъ кIвар кьезе ккараблъун буго умумузулгун цадахъ лъималазда гьоркьоб профориентациялъул хIалтIи тIобитIи. Гьеб хIалтIи гIей гьечIеб букIиналъ, кколел руго гьел экзаменал кьезе кIвечIолъиялъул хIужжаби. Цойги къваригIун буго ЕГЭялъе техникияб база цIи гьабизе. Гьелъие кумек гьабизе рагIи кьун буго районалъул бетIерас.

**- Цойги кIвар кьураб суал буго предметиял олимпиадаби ва конкурсал. Гьеб рахъ нилъер районалда кин бугеб? Разиял ругищ араб муниципалияб этапалдаса?**

- ПагьмУ-гьунар бугел лъималазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIулъ кIудияб бутIа ккола олимпиадабаз ва цойги конкурсаз. ВсОШалъул муниципалияб этап тIобитIана 18 цIалул предметалдасан. Гьениб гIахьаллъи гьабуна киналго школазул цIалдохъабаз. Цересел соназде дандеккун олимпиадабазда гIахьаллъи лъикIлъана, гIахьаллъулел цIалдохъабазул къадарги цIикIкIана. Олимпиадабазул хIасилазда рекъон, бищун лъикIал хIасилал рихьизируна гьал школаз. ХIебда -80, ТIидиб-76, Ругъелда-39, КъахIиб-38, ГьентIа-30, МачIада-14, ХIотода-13, Бакълъухъ-10, Лъахъ-8, ГIурада-7 цIалдохъанас призалъул бакIал ва бергьенлъи босана. Регионалияб этапалда гIахьаллъизе гIурал баллал щвана 41 цIалдохъанасе. ГьанжелъагIан гьаруразда 2 призер вахъана:экономикагIасаб ва химия- КъахIиб школаздаса цIалдохъаби. ГIахьаллъи гьечIо исана биологиялъул, историялъул, литератураялъул, ОБЖялъул ва ингилис мацIалъул олимпиадабазда. БачIунеб соналъ гьел предметазеги цIикIкIун кIвар кьезе ккола.

**- Исана 2023 сон лъазабун буго мугIалимасул ва насихIатчиясул лъагIеллъун. Гьелда хурхун кинал тадбирал тIоритIизе ракIалда ругел?**

- Исанасеб лъагIел мугIалимасул ва насихIатчиясуллъун лъазабун букIиналъ, тIоритIизе планалде росун руго гIемерал тадбирал. Щибаб школалда гIуцIулеб буго школазул насихIатчилъиялъул жидерго модель, рихьизарун руго гьеб нухда бачине педагогал.

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ РАХЪАЛДАСАН:**

**ХIурматиял районалъул ясли-ахазул ва школазул нухмалъулел! «Цолъи» газеталъул ва районалъул мугIалимзабазул буго саназ биххичIеб щулияб бухьен. Гьеб хIисабалде босун, исанасеб мугIалимасул ва насихIатчиясул лъагIел кIодо гьабизе, газеталъул гьурмаздаса къватIибе кьезе буго районалъул педагогазул хIакъалъулъ гIатIидаб материал. Нуже-нужер нухмалъиялда гьоркь хIалтIулел хIакъикъаталдаги мустахIикъал мугIалимзабазул хIакъалъулъ материал нижехъе щвезабизе бокьилаан.**

Давуд ДАВУДОВ

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

**МухIамадшапи ГIАБДУРАХIМАНОВ,**
**МачIада росдал имам**

## *«Гьереси бицуна муъминав гурев чияс»*

**(Аварагасул с.гI.в. хIадис)**

АссаламугIалайкум варахIматуллагьи вабаракатугьу, хIурматиял бусурбаби. Дие бокьун буго нужее баян гьабизе гьанже заманалъул халкъалда гьорлъ бессараб унтул- гьереси бициналъул хIакъалъулъ. Аварагас (с.гI.в.) кутакалда хIинкъи кьун буго гьереси бицунгеян. Гьес баян гьабуна киналниги пишаби, гьереси бицин хутIизегIан бусурманчиясулъ рукIунилан, хIакъалъунго бусурманчияс гьереси бицунарилан. Абу Дардаица (р.гI.) аварагасда (с.гI.в.) гьикъана я Бичасул авараг, муъминчияс жо бикъулищан абун, гьес (с.гI.в.) абуна, гьеб гьесухъа ккезе бегьулаян. Абу Дарданица гьикъана бусурманчияс зина гьабулищ абун, гьес (с.гI.в.) жаваб гьабуна, кигIан Абу Дардаида риханиги, гьединаб жоги кколилан. Цинги гьикъана муъминчияс гьереси бицунищан, Аварагас (с.гI.в.) абуна гьереси бицуна муъминав гурев чияс.

Гьеб гьереси бицин буго мунафикъасул гIамалалдаса, гьел мунафикъзабиги Къуръаналда Аллагьас абулеб буго жужахIалъул тIиналда рукIунилан. Аллагьас цIунайги нилъ гьеб жужахIалде унеб гIамалалдаса. Аварагас (с.гI.в.) хасаб хIинкъи кьуна, гIадамал данделъараб бакIалда гьел релъизе гIоло гьереси бицунел чагIазе. Гьес абуна кIудияб балагь буго гIадамал релъанхъизарун хабар бицунев ва гьелъулъ гьересиги бицунев чиясеянлъабго нухалъ такрар гьабун абуна.

Гьединго Аварагас (с.гI.в.) лъабго бакIалда гьереси бицине бегьулеблъиги баян гьабуна.

1. Рагъда, хIакълъунго рагь гукки букIиналъе гIоло.
2. КIигоязда гьоркьоб рекъел гьабулеб бакIалда.
3. Рос-чIужуялда гьоркьоб рекъел гьабулеб бакIалда.

Щаклъи гьечIо, гьереси бицин киналниги мунагьазул рагьу букIиналда. ХIинкъи бугел ва къабихIал тIабигIатаздаса цояб ккола гьеб гьереси бицин.

Жабраил малаикас бицана Аварагасда (с.гI.в.) ТIадегIанав Аллагьас ЖагIфару ТIаййир вецана жагьилаб заманалъги, ислам бачIиндал хадувги, жинца цIунараб 4 жоялъе гIолоян. Цинги свалат салам лъеяв Аварагас гьикъана ЖагIфару ТIаййирида гьел пишабаздасан. Я Аллагьасул Расул, ТIадегIанав Аллагьас дуда лъазе гьарун рукIинчIелани гьел рицине рукIинчIоянги абун, байбихьана гьел рицине. Дица киданиги, ай жагьилаб заманалъги, хIарамаб гьекъечIо, гьелъ гIакълу ине гьабулеб букIиналъе гIоло, дун гIакълу цIикIкIиналде хIажатав вукIиналъ. Дица киданиги хъанчазе лагълъиги гьабичIо, дида гьел рихьидал, ай лъайдал, кигIан дагьабниги зарал яги хайир гьабизе кIоларел жал рукIин. Дица киданиги зинаги гьабичIо, дирго агьлуялъул хIисаб гьабун. Дица киданиги гьересиги бицинчIо, гьереси бицин гIодобегIанаб нахъегIанаб пиша гIамал букIиналъе гIоло. МухIамад бину Гъаравияс (къ.с.) абуна балагьазул бищун кIудияб буго кIиго пиша - битIараб бицинчIого тей, гьелъул кириги лъалаго, гьереси бицин, гьелъул гIакъубаги лъалеб букIаго. Аллагьас щивасе тавфикъ кьейги битIараб бициналда тIадчIей гьабизе.

Гьединго, бицине бокьун буго цо дагьаб жидедаго сверухъ питна бекьулезул хIакъалъулги. БетIергьан Аллагьас инсан вижун вуго ракьалда тIад жиндирго сардарлъун, ай (наместниклъун) вукIине. Аллагьас лъураб гIадиллъи тIибитIизабизе ракьалда тIад.

Нилъеда жакъа щибха бихьулеб бугеб. Нилъ ругьунлъун руго нилъерго пикру бицине щибаб лъугьа-бахьиналъулъ, щибниги гьеб ишалъулъ бичIчIи гьечIониги. Гьедин нилъеца халкъалда гьоркьор питнабиги рикьалабиги ккезарула. Гьикъизе бокьилаан, цо чи цо ишалъул хIакъалъулъ дагIбадизе ккани, гьесда гьелъул хIакъалъулъ цо дагьабгIаги жо лъазе ккеларищ? Жив дагIбадулесда лъалелъул бащалъигIаги лъазе ккеларищ? Нилъер тIокIаб хIалтIи гьечIогойищ бугеб, цогидазул рахъалдехъун чIорогоял харбал рицине гурого. Нилъеца гIайиб чIвазе бегьула гIалимзабазда, гьединго цогияздa, исламалда жаниб чиясда нахъасан кIалъай кIудияб мунагьги букIаго. Гьелда тIад ургъизе ккани, нилъее гIела Аварагасул (с.гI.в.) хIадис: «Аллагь лагъасдаса вуссиналъул гIаламат ккола, лагъ жиндиего ккоclareб ишалде вуссин». Гьезда гьорлъан рукIинчIого рукIине, нилъеда рекъола чIорогоял харбалги жалго тун, нилъеегоги пайда бугеб, тIубараб халкъалъего пайда бугеб ишалде руссине». Гьединго Аварагасул (с.гI.в.)хIадис буго, инсанасул ислам берцинлъиялдасан кколила, гьев жиндие кколареб ишалъулъе лъугьинчIого чIей.

Аллагьас нилъее къуватги тавфикъги кьеги бицаралда гIамал гьабизе

■ МЧС ИНФОРМИРУЕТ

## Не оставляйте детей одних без присмотра!

За последние годы увеличилось количество несчастных случаев с участием детей, которых родители оставляли одних без присмотра даже на непродолжительное время на улице или дома. Дети не всегда осознают опасности, которые их поджидают, поэтому чаще всего несчастные случаи происходят именно с ними.

**Но если Вам все-таки пришлось оставить ребенка дома одного, то сначала:**

- Проведите с ним профилактическую беседу.
- Займите ребенка безопасными играми.
- Закройте окна и выходы на балконы, при необходимости открытыми можно оставить форточки.
- Перекройте газовый вентиль на трубе.
- Уберите с плиты емкости с горячей водой – опрокинув их, ребенок может получить ожоги.
- Проверьте правильность размещения игрушек, они не должны находиться на высоте, превышающей рост ребенка, так как ребенок, пытаясь достать игрушку, может получить травму.
- Выключите и изолируйте от ребенка электроприборы.
- Изолируйте от ребенка спички, острые и легковоспламеняющиеся предметы.
- Изолируйте от ребенка лекарства.

**Начальник ОНД и ПР № 17 ГУ МЧС России по РД**
**Гамзатов Мурад Магомедгаджиевич**

## ПАМЯТКА ПО ПРАВИЛАМ ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ ДЛЯ НАСЕЛЕНИЯ:

1. Проводить своевременную очистку придомовой территории от сгораемых материалов и сухой растительности, обеспечить проезд (подъезд) к дому. В периоды обильного пуховыделения деревьев придомовую и прилегающую территорию, при необходимости, периодический поливать водой.

2. Оборудовать фасад дома указателем(ями) улицы и номера дома, с освещением его в ночное время.

3. Обеспечить придомовую территорию приставной лестницей и запасом воды не менее 200 литров.

4. При строительстве надворных построек (временных строений) предусмотреть соблюдение противопожарных разрывов в соответствии с требованиями пожарной безопасности.

5. Предусмотреть хранение запаса топлива для различных устройств в допустимом объеме. Не складировать промаслянные тряпки.

6. Провести очистку чердака и подвальных помещений дома от сгораемых материалов.

7. При топке печей, мангалов и иного пожароопасного оборудования на твердом топливе, полностью тушить золу и угли; в сильные морозы, во избежание перекала печи, топку производить 2 раза в сутки продолжительностью не более 3 часов.

8. Обеспечить отопительные и банные печи предтопочным металлическим листом размером 50х70 см. Провести ремонт печи и дымохода; трещины в печах и дымовых трубах в доме и на чердаке затереть раствором и побелить.

9. Выполнить разделку дымохода (утолщение стенки печи или дымового канала в месте соприкосновения с конструкцией здания, выполненной из горючего материала): не менее 0,5 м от открытых сгораемых конструкций, не менее 0,38 м от защищенных сгораемых конструкций;

10. Выполнить отступку печи (пространство между наружной поверхностью печи или дымового канала и стеной или перегородкой из горючих или трудногорючих материалов) в соответствии с таблицей:

| Толщина стенки печи, мм | Отступка | Расстояние от наружной поверхности печи или дымового канала (трубы) до стены или перегородки, мм | |
|---|---|---|---|
| | | не защищенной от возгорания | защищенной от возгорания |
| 120 | Открытая | 260 | 200 |
| 120 | Закрытая | 320 | 260 |
| 65 | Открытая | 320 | 260 |
| 65 | Закрытая | 500 | 380 |

11. Не реже одного раза в два месяца дымовые трубы чистить от сажи; оборудовать трубу дымохода искрогасителем.

12. Оборудовать светильники плафонами и колпаками, предусмотренными конструкцией оборудования.

13. Предусмотреть применение электрооборудования, имеющего степени защиты в соответствии с характеристиками используемых электроприборов.

14. Выполнить монтаж электропроводов со сгораемой изоляцией по горючим конструкциям по несгораемому (теплоизоляционному) материалу, выступающему не менее 1 см от каждого края провода либо на монтажных электроизоляторах.

15. Внутреннюю разводку выполнить скрыто, в коробах из негорючего либо трудногорючего материала (трубах; с изоляцией провода от сгораемых конструкций) при частом срабатывании аппаратов защитного отключения электропитания, заменить оборудование на новое, с аналогичными характеристиками срабатывания.

16. Разместить газовые баллоны для бытовых газовых приборов (в том числе кухонных плит, водогрейных котлов, газовых колонок), за исключением 1 баллона объемом не более 5 литров, подключенного к газовой плите заводского изготовления, вне зданий в пристройках (шкафах или под кожухами, закрывающими верхнюю часть баллонов и редуктор) из негорючих материалов у глухого простенка стены на расстоянии не менее 5 метров от входов в здание, цокольные и подвальные этажи.

17. Обеспечить запирание шкафов для баллонов на замок, жалюзями для проветривания и предупреждающими надписями "Огнеопасно. Газ». У входа в индивидуальные жилые дома, а также в помещения зданий и сооружений, в которых применяются газовые баллоны, размещается знак пожарной безопасности с надписью "Огнеопасно. Баллоны с газом".

ЗАПРЕЩЕНО:

- на территории поселений и городских округов, а также на расстоянии менее 100 метров от лесных массивов запускать неуправляемые изделия из горючих материалов, принцип подъема которых на высоту, основан на нагревании воздуха внутри конструкции с помощью открытого огня («небесные фонари»);
- хранение баллонов с горючими газами в индивидуальных жилых домах, квартирах и жилых комнатах, а также на кухнях (объемом более 5-ти литров), путях эвакуации, лестничных клетках, в цокольных этажах, в подвальных и чердачных помещениях, на балконах и лоджиях;
- на территориях, прилегающих к объектам, в том числе к жилым домам, а также к объектам садоводческих, огороднических и дачных некоммерческих объединений граждан, оставлять емкости с легковоспламеняющимися и горючими жидкостями, горючими газами;
- разведение костров (сжигание твердых бытовых отходов) на расстоянии менее 50 метров от строений;
- курение и пользование открытым огнем в сараях, кладовых и других местах хранения горючих материалов;
- оставлять без присмотра находящееся под напряжением оборудование и электронагревательные приборы;
- эксплуатировать «воздушные» линии электропередач над сгораемыми кровлями надворных построек;
-применять в электросетях «жучки», пользоваться электроплитками, чайниками, утюгами без несгораемых подставок;
- эксплуатировать электрооборудование, имеющее повреждения либо признаки неисправной работы, самодельное («кустарное») оборудование, а также оборудование с ветхой либо потерявшей защитные свойства изоляцией;
- при использовании бытовых газовых приборов запрещается:

а) эксплуатировать бытовые газовые приборы при утечке газа;

б) присоединять детали газовой арматуры с помощью искрообразующего инструмента;

в) проверять герметичность соединений с помощью источников открытого пламени, в том числе спичек, зажигалок, свечей.

- оставлять спички и зажигательные принадлежности в доступных для детей местах;
- оставлять без присмотра топящиеся печи, а также поручать топку или контроль за печью, детям и лицам, относящимся к маломобильной группе населения (признанных недееспособными);
- производить топку печей в сильный ветер, с открытыми (незакрывающимися) дверками, применять для растопки легковоспламеняющиеся и горючие жидкости, а также перекаливать печь;
- производить сушку дров, одежды и сгораемых материалов на поверхности печи, хранить на предтопочном листе дрова и иные сгораемые материалы.

ПРИ ВОЗНИКНОВЕНИИ ПОЖАРА:

- немедленно сообщить в пожарную часть о пожаре (телефоны вызова – 101, 010 либо 112);
- по возможности обесточить электросеть, удалить газовый баллон в безопасное место;
- воздержаться от открытия окон и дверей и разбивания стекол до прибытия пожарной охраны.
- оповестить соседей о пожаре, принять меры к эвакуации людей на безопасное расстояние;
- принять меры к тушению пожара;
- организовать встречу прибывших подразделений пожарной охраны.

**Инструктор пожарной профилактики ПЧ-43 с.Хебда ГКУ РД**
**«ППС РД» Абдурахманов Х.М.**

■ ФОМС ИНФОРМИРУЕТ

## Застрахованным по ОМС стали доступны новые сервисы на Госуслугах

Встать на учет в системе ОМС в качестве застрахованного лица теперь можно через Единый портал государственных услуг. Это и другие новые сервисы стали доступны россиянам благодаря продолжающемуся эксперименту, который проводит Федеральный фонд обязательного медицинского страхования (ФОМС). Речь идет о развитии государственных информационных систем на единой цифровой платформе и постепенном переводе массовых социально значимых услуг в электронный вид. Совместно с Минцифры России запустил на Едином портале государственных услуг (ЕПГУ) новые сервисы для застрахованных по ОМС. Теперь застрахованным в системе ОМС на Едином портале государственных услуг доступны:

- постановка на учет в качестве застрахованного лица в системе ОМС;
- предоставление сведений о страховании застрахованного лица в системе ОМС;
- предоставление сведений о прикреплении застрахованного лица к медицинской организации;
- выбор (замена) страховой медицинской организации;
- предоставление сведений об оказанных медицинских услугах;
- приостановление действия полиса обязательного медицинского страхования;
- восстановление на учете застрахованного лица в системе обязательного медицинского страхования;

«Новые сервисы ОМС позволяют значительно упростить взаимодействие всех участников системы обязательного медицинского страхования. И самое важное, делает ближе и комфортнее систему ОМС для застрахованных, дает им возможность получить услуги без обращения в различные инстанции», - отметил Председатель ФОМС Илья Баланин. Воспользоваться новыми сервисами могут пользователи портала Госуслуг с подтвержденной учетной записью. Также застрахованные должны дать согласие на получение обновленных данных от Федерального фонда ОМС и актуализировать сведения о документах, удостоверяющих личность и СНИЛС. Ранее всем застрахованным в системе обязательного медицинского страхования, актуализировавшим свои данные на портале Госуслуг, стали доступны цифровые полисы ОМС. Теперь для получения помощи в медицинской организации достаточно предъявить паспорт или свидетельство о рождении для детей до 14 лет. При необходимости можно показать цифровой документ на экране телефона, а при онлайн-записи к врачу или прикреплении к поликлинике данные о полисе будут «подтягиваться» автоматически из личного кабинета.

**МАГОМЕДОВ И.С. Главный специалист по защите прав застрахованных (эксперт) Шамильского филиала ТФОМС РД**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

**МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
**ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна**

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
**Д.Давудов**
**ТI. МухIамадов**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
**П. ГьитIинова,**
**М. Гъазалиев,**
**Ш. Абакаров,**
**М. ГъазимухIамадов.**

**НАБОР**
**М. ГьитIиномухIамадовалъул**

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
**Марьям ГIисаевалъул**

**Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гъоркь.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерстволъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru**

**Издателасул ва редакциялъул адрес:**
**РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу**
**Имам Шамилил къватI 50**